Hoy nos vemos inspirados a seguir incidiendo y transformando nuestros barrios y ciudades, profundizar la equidad en los espacios locales, pensándolos a escala humana y multicultural, con la finalidad de contribuir a la hermandad de los pueblos y su calidad de vida.

**I N D E P E C L E T A**

## CRÉDITOS

### TEXTOS

Juán Bustos Bozo  
Jesús Morales Romero  
Paula Lagos Quivira  
Marcelo González Saavedra  
Giovanni Ruiz Monsalve  
Dante Figueroa Abarca

### COLABORAN

Maryon Urbina  
Matias Kosch  
Derecho a Pedaleo  
Vivelabici  
Dante Figueroa Abarca  
Hernán Torres Sobarzo

### ILUSTRACIONES

Lorena Correa Cisternas  
Cristina Guzmán Valdés

### CORRECCIÓN DE TEXTOS

Paula Lagos Quivira  
Laura Marinho

### TRADUCCIÓN DE TEXTO AL KREYÒL

Paula Medina Santana

### DISEÑO Y DIAGRAMACIÓN

Lorena Correa Cisternas  
Cristina Guzmán Valdés

### IMPRENTA

Atelier Ltda.

**REGISTRO DE PROPIEDAD INTELECTUAL N°:A-281539**  
**DISTRIBUCIÓN GRATUITA - PROHIBIDA SU VENTA**  
**SANTIAGO DE CHILE AGOSTO 2017**

**INDEPECLETA**  
**WWW.INDEPECLETA.CL**





## PROLOG

KISA WAP JWENN NAN GID SA AK  
KISA NOU PAP JWENN

## KIYES NOU YE

I.- INDEPENDENCIA, YON TERITWA  
AN KONSTRIKSYON

II.-BISIKLÈT LA KÒM YON ESTRATEJI  
POU FÈ EKONOMI NAN FANMI AN.

III.- BISIKLET KAP BON POU OU

IV.- MEKANIK DE BAZ

V.- WOUT KI AN SEKIRITE

VI.- SIJESYON LEGAL – NAN KA DE  
AKSIDAN NAN WOUT LA

## REMÈSIMANOSWAMO FINAL YO



*Nan Pedale nap rive kontre youn ak lòt,  
Nap rive transfòme,  
abite epi jere kominote nou*

Zanmi vwazen nou yo, gid sa ke n’ap prezante nou an, se yon gwo jefò ke yon gwoup sitwayen, ki fè pati nan Asosyasyon, siklis iben nan komin Independencia, e ki rele INDEPECLETA. Nan gwoup sa nou t’ap travay nan teritwa pa nou, e apre kèk ane, nou komanse wè chak jou, kijan plismoun sèvi ak bisiklèt yo. Yo itilize pou yo ka ale nan travay, rive nan lekòl, oswa pou yo ka al achte kèk bagay senpleman.

Se konsa ke nou komanse reyalize ke bekàn itilize nan pifò ka yo, li pat yon afè mòd, se te yon estrateji pou moun yo ka fè ekonomi, e yon fason pou yo ka genyen plis endependans pou yo mobilize nan vil la, paske konsa yo ap pran mwens tan e yo ap evite estrès. Fòk nou konsidere ke n’ap viv nan yon komin ki tou pre nan sant la, e konsa deplasman yo pi fasil.

Gid la “Le nou monte bisiklèt nou fè ekonomi: yon estrateji poun depanse mwens kòb”, se yon gid debaz, kreye ansanm pa tout moun ki fè pati de **INDEPECLETA**, epi kèk zanmi pa nou a ki vin ede nou. Nou te pansel paske nou te vle pataje enfòmasyon ki trè enpotan pou tout moun ki abite teritwa sa. Nou fèl ak yon langaj ki senp, pou tout moun ka konprann, pa selman moun yo ki konn monte bekann. Nou ta renmen envite sitwayen yo ki pa itilize bisiklèt, pou yo vin patisipe tou.

Nou espere ke nou renmen gid sa, nap wè nan wout lan.

**INDEPECLETA**

### KISA WAP JWENN NAN GID SA?

- ▲ Enfomasyon ak ti konsey, sou kèk tèm yo ki gen rapò ak bisiklèt.
- ▲ Wout ki an sekirite
- ▲ Mekanik debaz
- ▲ Bisiklèt kap bon pou ou
- ▲ Sijasyon legal - dwa/devwa
- ▲ Kat jeyografik kominal, ki make ki kote wap jwenn garaj pou bekann ak tout aksè nan komin lan.
- ▲ Istwa ak eritaj nan komin Independencia.

### KISA OU PAP JWENN NAN GID SA.

- ▲ Sijasyon mak bekàn.
- ▲ Ankouraje moun achte bekàn ki chè. Nou pa ankouraje konsomasyon depase.
- ▲ correctapwomosyon pou nou itilize bisiklèt lan kòm yon bagay ki alamòd oubyen ki gen tandans politikman
- ▲ Yon tèks konplèks sou rekòmasyon pou itilizatè yo ki konn monte bisiklèt chak jou

**INDEPECLETA** komanse nan ane 2012, aprè yon gwo kous bisiklèt N° 200, kote anpil moun ki renmen monte bekàn te rankontre, epi ki tap viv nan menm teritwa, yon lokalite ki gen anpil istwa, eritaj e diferan kilti yo. E se konsa ke nou te kreye Indepeleta, yon òganizasyon sitwayen, ki genyen yon opinyon sou mouvman nan lavil, e sitou sou teritwa pa nou an.

Nou te fé yon gwo jefó, pou nou ka fè anpil aktivite rekreyasyonèl, paske nou gen kòm objektif pataje enfomasyon nan komin nan, nan yon fason enklizif ak aktif, poun ka vin pi pre youn de lòt, e rekonstwi yon rezo sosyal antre tout moun kap viv nan teritwa sa, toujou ak yon bon eskiz, ki se monte bisiklèt.

Nou ankouraje moun yo pou yo monte bekàn, paske nou konsiderel yon zouti poun ka reyalize yon transfòmasyon sosyal, politik ak kiltirèl, kap envite nou poun ka vin fè pati nan tout chanjman yo ke nou vle komanse fè pou

vil pa nou an e pou tout moun ki tou pre nou. Epi bisiklèt la se yon mwayen transpò ki amikal avèk anviwònman an, ki baw plis otonomi, e li pèmèt pi fasil pou moun yo rankontre epi viv byen nan yon vil la. Li se tou, yon benefis pou lasante, ekonomi pèsònèl epi pou lafanmi. Li pèmèt nou pa pèdi tan an plis, nou deplasman pi rapid, e pi senp.

Finalman, travay ansanm, fini woutin nan lèn fin sòti anndanl, se pi gwo benefis nou. Nou te rive yon kote ke nou pat janm imajine, e nou vle rive pi lwen, nou toujou ap panse pou byennèt kominote an, e nou vle fè tout bagay ak senserite paske nou vle fè de lavil sa a, yon kote ki fèt pou nou kòm moun, e nou espere ke chak jou kantite moun ki vle menm bagay la ap ogmante.

Asosyasyon siklis iben nan Independencia

**I N D E P E C L E T A**



## I.- INDEPENDENCIA, YON TERITWA AN KONSTRIKSYON

**INDEPENDENCIA** se yon komin nan nò Santiago, ki te fonde nan ane 1991, e se pou sa ke moun yo ka wè li tankou se yon nouvo zon, men yon divizyon administratif se selman yon bagay ki konn divise yon teritwa, e li pa nesesèman eksplike kisa yon espas ye, fwontyè yo se yon bagay imajinè, men istwa yo ak reyalyte yo se de bagay ki reyèl.

Yon zanmi e kolaboratè nan Indepeleta, ki rele Dante Figueroa, tap rakonte nou anyen istwa ri a presipal nan komin nan, "Avenida Independecia". Nan syèk XV, li te fè pati nan

seksyon sid yon wout ki rele **Camino del Inca**. Nan ri sa, menm Pedro de Valdivia te pase, ki pi devan li tap fonde Santiago. Nan lepòk sa, konkeran yo te konn relel **la cañada pequeña**, konpare ak **La Cañada**, ki aktyèlman rele **Alameda Bernardo O'Higgins**. Pi devan, otorite yo te komanse relel **Camino del Rey** oubyen **Camino Real de la Cañadilla**. Apre sa, nan kontèks mouvman endepandans boujwa, yo chanje non ri a pou **Buenos Aires** e finalman, li tap adopte non aktyèl, lè Manuel Bulnes te presidan.

## I.- INDEPENDENCIA, YON TERITWA AN KONSTRIKSYON

Men yon teritwa se plis ke yon non, se yon seri de faktè yo ki konn konbine. Se isit la ke la sante piblik nan Santiago komanse fòmè, se isit la ke anpil ekip foutbòl te bati estad pa yo. Sa se yon kote ki gen kouraj, efò ki tout moun ki travay chak jou konn genyen. Se yon tè ki gen anpil imigran, espanyol, italyen, arab e anpil nasyon nan Amerik Latin tou.

**Yon teritwa lap toujou nan konstriksyon, paske tout moun kap viv andan li ap toujou deplase. Jodia, La Chimba, gen yon defi deven li, ke se komanse fomè yon teritwa miltikiltirèl. Yon komin ki finalman dwe genyen espas pou tout moun, ak yon objektif komin.**

**Dante Figueroa Abarca, Historiador y Docente  
Fundador y Presidente de La Cañadilla  
[www.lacañadilla.cl](http://www.lacañadilla.cl)**



## II.-BISIKLÈT LA KÒM YON ESTRATEJI POU FÈ EKONOMI NAN FANMI AN

Gid sa pral ede nou, poun ka komanse fè ekonomi, nan yon fason kap pote anpil benefis pou lavi pa nou an. Nou tout konnen ke moute bisiklèt la vinn avèk benefis pou sante a, e ke anpil moun itilize nan fen semèn pou yo ka fè espò oubyen kom yon amizman, men poukisa nou pa itilize chak jou, poun ale nan travay la, lekòl la oswa inivesitè a? Poukisa no upa itilize tankou yon fason poun deplase

chak jou? Eske nou konnen konbyen ekonomi nou ka fè si nou chwazi moute bekann?

Isit nap bay nou plizyè aspè poun konsidere lèw ap chwazi mobilize nou sou bekann nan.



WAP FÈ E  
KONOMI



WAP PRAN  
MWENS TAN

ANPIL BENEFIS  
POU SANTE A



## II.-BISIKLÈT LA KÒM YON ESTRATEJI POU FÈ EKONOMI NAN FANMI AN

*Eske ou te konnen ke:*


Nan Chile, salè minimòm \$ 270.000

pesos e chak moun depanse 40.652 pesos pa mwa an manje.

640Si nou itilize bis oubyen metro, nou ka depanse 43.000 pa mwa.

Antre de bagay sa yo, yon moun ka depanse 31% nan salè pal.

Salè Minimòm



+



=

31%

## FÈ EKONOMI NAN VWAYAJ YO



Depans yo  
(peso chilyen)

Trajèktwa de 20 Km.  
(Considerando bencina,  
estacionamiento, seguro,  
mantención, tag).

\$ 2.200.000 Pa ane

Depans yo  
(peso chilyen)

Trajèktwa \$ 720

\$1.440 Pa jou

\$9.840 Pa mwa

\$43.640 mwa

\$558.320 Pa ane

Depans yo  
(peso chilyen)

\$20.000 a \$40.000  
aranjman chak ane.



Independecia se yon komin nan Santiago,  
ki itilize plis bekann nan, paske 56.3% nan

popilasyon moute bisiklèt oubyen mache.

## SONDAJ ORIJIN DESTINASYON

MACHE



MOUTE BISIKLÈT



56,3%

MOBILITE MACHE AK MONTE BISIKLÈT

Fuentes:

[http://observatorio.ministeriodesarrollosocial.gob.cl/ipc\\_pob\\_informe3.php?ano=2017](http://observatorio.ministeriodesarrollosocial.gob.cl/ipc_pob_informe3.php?ano=2017)  
Ministerio de Transportes y Telecomunicaciones, Encuesta Origen Destino 2015  
IX Medición de Eficiencia de Medios de Transportes 2017 (MEMT) Asociación VIVE LA BICI

### Mwayèn yo depi 2008 jiska 2017

Punto de salida: Ñuñoa  
Llegada: Unidad Operativa de Control de Tránsito (UOCT)  
Tiempo por año, velocidad, contaminación, costos y promedio tiempo.

Ver calculado según necesidades de cada año de los modos de transportes, según horario promedio de conducción, tarifas de estacionamiento de vehículos, valores de tiempo y costos integrados al Tránsito y Costos de guardería de bicicletas.



	AUTOMÓVIL	BICICLETA	CAMINATA	INTERMODAL	METRO	MOTOCICLETA	BUS
2008	26'00"	22'22"	60'15"	-	31'07"	21'17"	44'40"
2009	37' 21"	23'17"	57'00"	-	35'46"	45'25"	60'55"
2010	39'57"	22'27"	-	-	28'10"	26'29"	45'17"
2011	56'29"	22'29"	-	47'01"	35'37"	20'40"	71'09"
2012	49'10"	28'23"	60'23"	45'30"	43'00"	26'29"	59'36"
2013	53'00"	26'00"	60'07"	62'30"	32'00"	19'00"	60'14"
2014	37'00"	24'00"	-	47'07"	41'00"	27'00"	42'00"
2015	38'00"	25'00"	60'11"	39'00"	28'00"	24'00"	60'05"
2016	38'00"	25'00"	60'11"	45'00"	36'00"	28'00"	60'04"
2017	34'00"	26'00"	-	-	34'00"	21'00"	63'00"
Contaminación CO2	4,2	0	0	0,06	0,11	1,46	0,38
Valor Mediano en \$ chileno	\$1.435	\$0	\$0	\$920	\$660	\$795	\$580
Velocidad Promedio km/hr	10,08	19,19	5,94	8,8	12,17	15,85	7,79
TIEMPO PROMEDIO	40'54"	24'30"	70'40"	47'41"	34'28"	25'56"	58'58"

COORDINAR: GOBIERNO REGIONAL METROPOLITANO • MINISTERIO DE TRANSPORTES Y COMUNICACIONES • DEPARTAMENTO DE INGENIERIA DE TRANSPORTE Y LOGÍSTICA, PUC • FACULTAD DE ARQUITECTURA Y URBANISMO, U. DE CHILE • ESCUELA DE INGENIERIA, UEP • CAPITULO ESTUDANTIL DE INGENIERIA DE TRANSPORTE Y LOGÍSTICA, PUC • ASOCIACIÓN DE MOTOCICLISTAS PRO CHILE - AMPROCH

ORGANIZA: ASOCIACIÓN YWI LA BICI



### BENEFIS POU SANTE A

- ▶ 10 minit ap bon pou jwenti yo
- ▶ 20 minit ap bon pou sistèm iminitè
- ▶ 30 minit amelyore nivo kadyovaskilè.
- ▶ 50 minit ogmante metabolis



- \* Mwens enkyetid ak estres
- \* Amelyore balan ak kowòdinyasyon.
- \* Li fèw souri

### III.- BISIKLÈT KAP BON POU OU

Si bisikèt la se mwayen transpò'w nan vil la, e pou sa kapab yon eksperyans pozitif, efikas e tounen reyèlman yon zouti pou mibilite, ki kapab amelyore lavi ou epi kontribiyè nan ekonomi lakay ou, nou ap kite enfòmasyon sa pou ou konsidere nan moman ke'w ap fè akizisyon yon'n; si ou te gentan gen yon'n, enbyen n'ap kite sijesyon sa yo pou'w genyen an konsiderasyon pou ke vwayaj kotidyèn ou an kapab pi konfòtab e pi bon ke sa posib.

Premyeman, ou dwe konnen ke geyen diferan tip bisikèt, e nan sans sa, kesyon'w dwe poze tèt ou ese:

Selon bezwen ou genyen gen bisiklèt pou'w ta chwazi. Tip bisiklèt yo klasifye sou divès fòm, men sa yo se sa ki pi komen nan vil la.




### III.- BISIKLÈT KAP BON POU OU

#### TIP BISIKLÈT



MOUNTAIN BIKE



AMIZMAN



WOUT



SA KI DEPLWAYAB



BMX



ELEKTIK YO

### III.- BISIKLÈT KAP BON POU OU

Se trè espesyal bisiklèt sa yo ki ibrid ou ibèn , ki se estil bisiklèt ke yo konstwi pou kapab konbine kèk bon atou de bisiklèt mòn yo ak sa ki pou kous nan vil yo, ak yon rezilta ki leje pou transpò kotidyen. Yo itilize yo prensipalman nan vil e jeneralman yo gen wou ki pi fen k esa ki mountain bike yo epi ak yon kad pi leje.

Si se ou menm k'ap fè enplemantasyon bisiklèt



ou a, li kapab vin trè ekonomik pou ou e'w kapab konbine eleman sa yo ki pi alèz pou mobilite kotidyèn ou, soti sou kalite gidon an, gri pou bagaj ou, bon kalite fren, pedal, elatriye

Yon fwa ou fin rezoud ki itilizasyon w'ap genyen ak bisiklèt ou a, ou dwe konsidere faktè adaptasyon'w ak bisiklèt ou a (ergonomics). Kisa sa vle di?


Sa vle di ke gen faktè kle nan kò ou pou konsidere nan bisiklèt la pou bon kalite randman bisiklèt la nan fason adekwa e a pwovoke'w blesi. Ou dwe panse ke nòmalman gen twa pati nan kò'w ki a pan mouvman e tou gen twa pati nan kò'w ki fondamantal:

- Pye ou yo ,
- Men'w ak bwa'w,
- Epi dèyè'w

### III.- BISIKLÈT KAP BON POU OU

Santi'w alèz lè w'ap pedale, se yon bagay fondamantal pou gen bon imè pou'w bouje sou bisiklèt.


Men kèk bagay ou dwe pran an kont:



## TAY OUBYEN GWOSÈ BISIKLÈT OU A:

Yon tès ou kapab fè se kanpe ak bisiklèt la nan janm ou epi revize si gen espas sifizan ant tib siperyè a ak janm ou yo.



## GWOSÈ BISIKLÈT LA



A	B	gwochè ankadreman		
1,47 > 1,62 m	57 > 61 cm	13"	33 cm	XS
	59 > 68 cm	14"	35,5 cm	
1,60 > 1,73 m	66 > 71 cm	15"	38 cm	S
	68 > 76 cm	16"	40,5 cm	
1,71 > 1,83 m	73 > 80 cm	17"	43 cm	M
	77 > 84 cm	18"	46 cm	
1,81 > 1,93 m	81 > 89 cm	19"	48 cm	L
	86 > 93 cm	20"	51 cm	
1,91 > 2,00 m	90 > 98 cm	21"	53 cm	XL
	95 > 100 cm	22"	56 cm	

## POZISYON KOUSEN AN:

Pou kapab genyen yon bon wotè sou kousen an fè tès chita sou kousen an swivan sijesyon sa yo: kite youn nan janm ou konplètman pwolonje jiskaske pedal la touche ak talon pye ou, sa se wotè kousen ou a; dapre sa ou ta dwe ogmante oswa bese nivo kousen an.





### III.- BISIKLÈT KAP BON POU OU

#### WOTÈ AK POZISYON GIDON AN:


Chwazi pozisyon ki pi byen nan adapte bezwen ou yo, sa enpòtan nan fasilite fòs misk ou yo, e non domaje do ou ak kou'w. Nou wè ke genyen divès tip bisiklèt, sa'k pi enpòtan se adaptasyon a bijè ou ak satisfè bezwen ki kapab fè pedal ou konfòtab e nan tout sekirite



### III.- BISIKLÈT KAP BON POU OU

- ▲ Fren ki an bon kondisyon.
- ▲ Limyè: Blan devan wouj dèyè
- ▲ Jant yo pa lis oubyen ke mak li nan tè a byen klè.
- ▲ Chanjman vitès, tankou chèn transmisyon yo ap byen fonksyone, yo ka fè yon gwo diferans nan efò sa a ou gen pou fè pou'w rive kote'w vle a.
- ▲ Bon jan presyon lè nan kawotchou yo (ki se ekri nan kontou a ladan l').
- ▲ Itilize jilè meditatif (sitou si ou deplase nan mitan lannwit oswa denmen maten byen bonè).
- ▲ Rad koulè klè ki pèmèt ou vizib
- ▲ Itiize yon kas nan zòn ibèn yo.

PRIYORITE



### III.- BISIKLÈT KAP BON POU OU

Yon sijesyon pou moun ki pedale tou lè jou: yon akseswa ki kapab fasilite bon transpò ou se gri pou bagaj – e si ou renmen, yon valiz pou bisiklèt- Sa ap pèmèt ou pote plis pwa e byen distribye'l nan bisiklèt ou a. A la fwa, sa pèmèt ou evite chajeyon valiz sou do'w pandan w'ap pedale –Evite tou ogmantasyon transpirasyon'w – e ki se yon aspè enpòtan pou moun ki pral travay pa egzanp



## IV.- NIVO MEKANIK DE BAZ

Yon Bisiklèt gen yon seri eleman ki kapab gwoupe e klase selon fonksyonalite yo, nan sistèm sa yo:

### SISTÈM ESTRIKTIRÈL:

Kad la, ki se kolòn vètebral bisiklèt la, se li ki kenbe lòt sistèm yo. Gen divès tip, gwosè ak materyèl yo, ki ap depann de itilizasyon ou bay bisiklèt ou a, e sa ki pi konen yo se pa mòn yo, pou pis kous ak sa detant yo. Materyèl yo pi itilize se fè, aliminyòm ak vè; e gwosè yo ki ka varye tou depan de mèt li.

Asire'w ke kad bisiklèt ou a pa okside e ke eleman ki anklaje ladann yo byè fèm. Sinon sa kapab pwovoke'w yon aksidan.

### SISTÈM DIREKSYON:

Se sa ki gide e dirije vitès ou nan lari yo. Eleman prensipal li yo se pwaye, T a, je direksyon yo (rodaj) fouchèt bisiklèt la

Revize ke tout eleman sa yo byen fèm e ke rodaj yo byen fèmèn, anplis de sa asire'w ke wou yo byen aliye ak gidon an.

### SISTÈM TRANSMISYON:

Travèse fòs imen depi pedal yo pou rive nan wou ki deyè a. Pou fè sa, anplwye ak yon kantite eleman: pedal pedalye, motè, volan, chèn, piyon. Sistèm sa pi konplèks, deja ke li genyen pi gran kantite pati ki mobil yo; li enpòtan pou'w siveye ke tout pati yo byen pwòp, ke yo pa "dejwe", e nan ka chèn nan ke'l byen wile san li pa wouye.

### SISTÈM DEPLASMAN:

Wou a, youn nan envansyon pi ansyen an nan istwa limanite se yon pyès fondamantal nan sistèm nan. Eleman li yo se: mwaye, reyon, kawotchou, tib ak kouvèti oswa revètman. Byen ke sistèm sa byen senp, men tou se sa kip lis ekspoze ak fay yo, paske nan kontak dirèk li ak tè a li kapab soufri twou, Anvan'w sòti al pedale, li enpòtan ke'w revize si wou yo byen santre, ke pa gen reyon ki sòti, mwaya pa dejwe, ke presyon an byen adèkwa e ke jant yo pa an mal eta.

## IV.- NIVO MEKANIK DE BAZ


1 SISTÈM ESTRIKTIRÈL

2 SISTÈM DIREKSYON

3 SISTÈM TRANSMISYON

4 SISTÈM DEPLASMAN

5 SISTÈM FREN YO



## IV.- NIVO MEKANIK DE BAZ

### SISTÈM FREN YO:

Pou fren yo, gen twa ke pi itilize: konsola, gri, disk fren. De premye yo fè aksyon sou patin an dirèkteman sou jant wou a, pwovoke atravè fwotman an frenaj la; nan twazyèm ka patin yo fè aksyon sou disk metal la ki nan silend mwaye wou a.

Avan ou pedale, revize ke patin yo pa twò dechire, epi manch gidon yo tankou manivèl yo deplase kòm sa dwa.

### SISTÈM SISPANSYON:

Se pa tout bisiklèt yo ki gen sistèm sa, anplis, nan vil yo nou pa rekòmande li paske sèlman li pote pwa ak antretyen ki pa nesèsè, se pou sa, nou pap antre nan sistèm sa sistema.

Pou chak pyès ki egziste genyen yon zouti e bisiklèt la genyen plizyè. Sepandan, sa nou rekòmande'w pote selman sa ou ap bezwen genyen sa'k ki ap kapab ede'w ak fay ki pi

komen yo, pa egzanp twou, chèn koupe ak pwoblèm fren.

### TWOUS DEBAZ ZOUTI OU A TA DWE GEN LADAN:

- Allen Kle Mete
- arach revètman
- Patch, papyè ak lakòl
- Kamera Ranplasman
- Bombin
- Kout Chèn
- kle pwent ak kouwòn mezi nwa aks wou

## IV.- NIVO MEKANIK DE BAZ



-KLE PWENT AK KOUWÒN



ZOUTI POU RETIRE CHÈN



KLE ALLEN YO




ZOUTI POU RETIRE KAWOTCHOU

## KISA KI YON WOUT ASIRE POU BISIKLÈT?

Nan definisyon debaz li, se yon chimen, otowout oubyen wout ki deja trase, ki gen gran kantite avantaj sekirite nan transpò an komen de yon pwen ak yon lòt.

## Planifye



## KI ASPÈ MWEN DWE UTILIZE POU'M KONSIDERE WOUT MWEN AP DEPLASE A?

Priorite: konnen epi respekte lwa transpò piblik yo, sikile nan bisiklèt ki an bon eta, itilize vètman vizib ak reflè pou lannwit, pote zouti debaz ou yo, limyè ak komodite pou pedale.

# PRIYORITE



Sikile nan bisiklèt ki an bon eta.



Konnen epi respekte lwa transpò piblik yo.



Itilize vètman vizib ak reflè pou lannwit.



Pote zouti debaz ou yo ak limyè.



## VARYAB SEGONDÈ POU KONSIDERE:

- Planifye orijin destinasyon wout la.
- Evite wout ki frekan pou transpò piblik yo
- Dwe konsyan de teritwa a
- Distans wout la
- Orè jounen ke'm deside transpòte'm nan (blokis – orè pik)
- Enfrastrikti sik-enklizif nan wout la
- Entèmodal Transpòtasyon ki disponib yo
- Kalite wout la (otowout yo, avni, ri lokal)
- Koneksyon sik-enklizif ak lòt teritwa
- Eklera natirèl ak atifisyèl ke wout posede la
- Kalite pave
- Fè wout abityèl
- pa kondwi prè twotwa a oswa nan estasyon pou machin
- Sikilè ak yon mèt twotwa a pou evite twou oswa odtoki, chen, pòt machin oswa pyeton k'ap kòmanse travèse san yo pa gade
- Fè previzyon: fè siyal ak bra ou pou vire agoch, adwat epi pou kanpe, fè avètisman devan yo nan omwen 30 mèt yo pou kapab vizib pou lòt itilizatè wout la.

- Pote nimewo pasaje ke bisiklèt la ka transpòte
- Pa monte bisiklèt avèk kas ekoutè oswa anba enfluyans alkòl ak dwòg ki kapab chanje sans ou yo.



## V.- WOUT KI ASIRE YO

### KI PLAS BISIKLÈT LA NAN ESPAS PIBLIK LAN?

Bisiklèt la, selon lwa chilyèn N°18.290 endike, se yon veyikil trafik ak menm dwa e devwa kòm yon otomobil, Se poutèt sa, espas ki kote ou dwe deplase li se nan lari a oswa chemen espesyal pou bisiklèt.

Nan absans chemen espesyal bisiklèt la ou dwe vwayaje sou wout la nan direksyon ki endike yo. Si'w ap sikile sou twotwa a, ou dwe sikile tankou nenpòt pasan a pye e desann sou bisiklèt la. Si'w pa santi'w an sekirite nan lari a, fè pratik nan pak oswa vwa rekreatif, k ap chèche chemen ki gen plis nimewo sik-enstalasyon, wout ki gen mwens trafik oswa rasanble gwoup moun ki gen menm eksperyans oubyen pi plis pase'w.

Pa kouri bisiklèt la kont trafik, sa kapab gen move konsekans sou sekirite ou ak sa yo ki nan lòt machin yo.

### KI DISTANS AN MWAYÈN KI PI BON POU SÈVI AK BISIKLÈT LA POU TRANSPÒTE'N NAN TRAVAY MWEN?

Tou depan de rezistans fizik, enfraestriki ki apropye anplis de atitid ou pou pedale.

Men ou kapab gen an konsiderasyon ke komin Independencia a, ki se yon komin tou pre sant vil la epi ki se yon komin vwazen lòt komin ki fè pwomosyon bisiklèt (Santiago ak Providencia), li gen avantaj ki kouvri wout ki soti nan 5 a 15 kilomèt pou bisiklèt, e ki ofri bon jan kalite espas nan wout ak depasman.

### KI KONTEKS MONTE BISIKLÈT NAN KOMIN ENDEPANDANS LAN GENYEN?

Kounye a, Independencia se yon komin ki fè pasaj anpil siklis ki ap viv nan vil la, e ki sikile nan avni prensipal ki nan komin nan (avni Independencia- avni Fermin Vivaceta - aveni La Paz - Domingo Santa María - Gamero . - Salomon sack) Wout sa yo, pou plizyè rezon, yo pa kote ki fasil pou pedale, premyeman pou kantite machin ki vwayaje chak jou ladan yo, paske yo pa gen espas adekwa pou trafik bisiklèt e enfraestriki ki egziste a yo, se nan se nan lye dechaje kamyon ki nan mache Vega Santiago a .

Li enpòtan siyale ke nan kou tèm, gouvènman lokal la ak sosyete sivil la travay pou entegre bisiklèt la kòm yon mwayen transpò anplis, ki atraktif nan bon asirans pou moun ki chwazi altènativ sa pou depasman yo, pou sa yo fè enplemantasyon enfraestriki pou bisiklèt (Avni La Paz), pakin pou bisiklèt nan kèk edifis ki de enterè piblik, yo te trase yon nouvo wout bisiklèt nan

## V.- WOUT KI ASIRE YO

ri Soberanía, ogmante nonm pakin minimòm bisiklèt nan nouvo edifis yo, yo fè diminyon vitès nan kèk ri enteryè yo ak enplemantasyon sèvis entèkominal pou bisiklèt piblik yo ak twa estasyon sèvis Bikesantiago (bisiklèt Santiago). Pwochènman ap pwojete enplemantasyon yon wout bisiklèt entèkominal nan nouvo koridò Avni Independencia, ki pral konekte depi Américo Vespucio jiska Avni Santa María. Ane 2016 la, gouvènman lokal la te rekonèt travay sosyete sivil la nan apwi senkyèm Fowòm Mondyal bisiklèt la.

***Ane 2016 la, gouvènman lokal la te rekonèt travay sosyete sivil la nan apwi senkyèm Fowòm Mondyal bisiklèt la.***







## V.- WOUT KI ASIRE YO

### AVENIDA LA PAZ

**Avantaj:** wout pou bisiklèt doub direksyon, gran koneksyon ak Santiago, ekleraj atifisyèl, pave nan bon kondisyon, dwat, pave asfalt iregilye.

**Dezavantaj:** distans kout, antretyen iregilye, kote pou travèse danjere.

### AVENIDA INDEPENDENCIA


**Avantaj:** Long distans, dwat, bon koneksyon ak komin Santiago-Conchalí-Huechuraba, ekleraj atifisyèl, pave en asfalt iregilye..( pwojeksyon wout pou bisiklèt)

**Dezavantaj:** Avni ak transpò piblik, wout pou gran vitès, anpil sikilasyon. San wout fasilite

### AVENIDA FERMÍN VIVACETA

**Avantaj:** Long distans, dwat, bon jan koneksyon ak komin Santiago ak Conchalí, ekleraj atifisyèl, pave asfalt iregilye.

**Dezavantaj:** Avni ak transpò piblik, vwa ak gran vitès, gran sikilasyon, avni etwat. Pa gen sik fasilite



### SOBERANÍA - CARLOS MEDINA

**Avantaj:** wout pou bisiklèt ak doub-direksyon, gran koneksyon ak Santiago, ekleraj atifisyèl, pave nan bon kondisyon, pave asfalt iregilye.

**Dezavantaj:** distans kout, antretyen iregilye, konfonn koneksyon sid- ak nò nan ale nan Santiago.

### SALOMÓN SACK- GAMERO-SANTOS DUMONT


**Avantaj:** Long distans, dwat, bon jan koneksyon ak komin Renca ak Providencia, ekleraj atifisyèl, asfalt regilye.

**Dezavantaj:** Avni ak transpò piblik, wout ak gran vitès, Anpil sikilasyon, wout laj e iregilye (Gamero ant Vivaceta ak independencia). Li pa gen doub-direksyon sans nan lwès-ès nan Gamero- Santos Dumont, San sik fasilite.

### BALDOMERO FLORES -COLON

**Avantaj:** Distans Mwayen, dwat ekleraj atifisyèl, asfalt iregilye, bon jan koneksyon kominal mwens bri, velocidad ba, transpò piblik entèmitan, ri laj regilye

**Dezavantaj:** Yon sèl direksyon lwès-ès, San sik fasilite yo.



## V.- WOUT KI ASIRE YO

### DOMINGO SANTA MARÍA

**Avantaj:** Long distans, dwat, bon jan koneksyon ak komin Providencia, ekleraj atifisyèl, pave ak asflat iregilye.

**Dezavantaj:** Avni ak transpò piblik, wout ak gran vitès, Anpil sikilasyon, U yon sèl direksyon lwès-ès. San sik fasilite yo.

### LAS CAÑAS


**Avantaj:** Distans kout, dwat, ekleraj atifisyèl, asfalt iregilye, bon jan koneksyon kominal mwens bri, vitès ba, san transpò piblik, ri laj epi regilye

**Dezavantaj:** li pa gen doub direksyon nan sans sid - Nò. San sik fasilite yo.

### ESCANILLA

**Avantaj:** Distans mwayen, ekleraj atifisyèl, asfalt iregilye, bon jan koneksyon kominal mwens bri, vitès piti, transpò piblik entèmitan, Lajè regilye

**Dezavantaj:** li pa gen doub direksyon nan sans sid - Nò (ant Gamero ak Gral. Borgoño), li pa dwat, San sik fasilite yo.



### SAN JOSÉ-BELISARIO PRATS-GRAL. SAAVEDRA- GUANACO

**Avantaj:** Long distans, bon jan koneksyon ak komin Conchalí ak Huechuraba, ekleraj atifisyèl, asfalt irregilye. Vwa entèkominal san anpil bri, vitès mwayen, san transpò piblik, wout laj epi regilye

**Dezavantaj:** yon sèl direksyon Nò -Sid nan Guanaco (ant Einstein ak México), li pa dwat, San sik fasilite yo.

### EINSTEIN


**Avantaj:** Distans mwayen, dwat, ekleraj atifisyèl, asfalt iregilye, bon jan koneksyon ak Recoleta, vitès mwayen, transpò piblik entèmitan, ri laj regilye, doub direksyon.

**Dezavantaj:** San sik fasilite yo.

### NUEVA DE MATTE-GRAL. SAAVEDRA

**Avantaj:** Distans mwayen, ekleraj atifisyèl, asfalt iregilye, Bon jan konesyon kominal mwens bri, vitès ba, transpò piblik entèmitan, ri laj regilye, doub direksyon

**Dezavantaj:** li pa gen doub direksyon nan Gral Saavedra sans ès-lwès, San sik fasilite yo.




## V.- WOUT KI ASIRE YO

### CEMENTERIO GENERAL

**Avantaj:** Kout distans, asfalt iregilye bon jan koneksyon ak Recoleta, vitès a echèl moun, san bri, ri Laj regilye, doubdireksyon


**Dezavantaj:** restriksyon èdtan, Kout Distans.



### DORSAL

**Avantaj:** Long distans, wout pou bisiklèt ak doub-direksyon ak estanda ki ba, bon koneksyon ant Recoleta- Renca. pave asfalt iregilye..

**Dezavantaj:** antretyen regilye, ekleraj atifisyèl iregilye, wout pou gran vitès.



## V.- WOUT KI ASIRE YO

### CALETERA RUTA 5


**Avantaj:** Distans long, dwat, ekleraj atifisyèl, asfalt iregilye, bon jan koneksyon kominal zòn lwès, transpò piblik entèmitan, ri laj regilye

**Dezavantaj:** yon sèl direksyon ès -lwès, gran vitès, San sik fasilite yo.

### NUEVA UNO (nouvo 1)

**Avantaj:** ti distans, Dwat, ekleraj atifisyèl, asfalt iregilye, anpil koneksyon nan komin nan, pa anpil bri, ba vitès, transpò piblik,

**Dezavantaj:** San sik fasilite yo



## VI.- KONSEY LEGAL NAN KA AKSIDAN

Ou te deside itilize bisiklèt la kòm mwayen transpò'w, ou rive sou li e depi la ou prezante'w devan rès mou yo. Depi la ou te konprann vil la ak yon rit diferan, ou konpran lavi a tankou yon mach imèn.

Dwa ou yo etwatman lye ak obligasyon ou yo, e pi lwen de sa ki endike nan lwa yo, nou dwe respekte nou epi viv ansanm nan espas piblik la. Se la kote prezans lajistis "pou chak moun selon neseseite yo e selon kapasite yo", ke si nou mete an pratik bay reflè nan piramid mobilite envèse a kote aktè prensipal la se moun a pye yo; apre sa mòd motorize yo tankou bisiklèt la, swivan transpò piblik la, lojistik la ak transpò gwo chay, epi finalman machin patikilyè.

Premye obligasyon'w tankou siklis se konnen epi respekte lwa transpò a N° 18.290. Nan ka aksidan, Kisa pou fè?


1° Kenbe kalm ou, verifye ki eta blesi ou yo e si o upa santi'w byen, rete tan èd. Byennèt ou pi enpòtan.

2° Aprè, pran kontwòl sityasyon an e apre sa rele lapolis pou kapab fè denonsyasyon an. Si moun ki komèt enfraksyon an kouri ale oubyen lapolis pa rive sou lye aksidan an ou kapab ale nan komisarya oubyen lapolis tribinal lokal la ki pi prè ou a pou prezante denonsyasyon an swivan sa koresponn. Sonje ke sanksyon an ap plis si enfraktè a abandone'w san'l pa ba'w èd.

3° Fè foto panoramik ak anviwònman kote aksidan fèt la, machin enfraktè a ak plak li. Fè espesyal atansyon ak pano transpò piblik yo ki te nan zòn nan, non selman let yo ak limyè wouj yo, sinon tou tout siyal ki pentire nan la ri a .

## VI.- KONSEY LEGAL NAN KA AKSIDAN

### PYRAMID RANVÈSE



## VI.- KONSEY LEGAL NAN KA AKSIDAN

Après yon aksidan machin, pwosedi jidisyal la ki kapab pouswiv depann de ki nivo aksidan an. N'ap prezante'w brèvman kèk posiblite:

### A. PROSESIS PENAL:

Si aksidan fèt ak blesi grav, li posib ke se anbilans ki leve moun ki afekte a epi menen'l nan yon sant asisntans kote lapolis ap fè tès alkòl pou li epi kòmanse pwosesis denonsyasyon an.

Selon rezilta konsta blesi, yap mete akize a a dispozisyon yon jij garanti kote ondrá al imputado a disposición de un juez de garantía, kote pwosekitè a, antre baz byenfonde ki nan dosye a, kapab fè yon ankèt sou akize a ki kapab dire jiska de lane, oubyen, nan enstans lan, yo kapab pran lòt altènativ, tankou yon jijman simplifye oubyen mezi altènativ pèn nan.

Nan ka sa viktim nan kapab, atravè yon avoka, mande aksyon sivil nan menm pwosesis penal la oubyen nan yon pwosesis sivil apre, afen ke

yo endemnize ou pi rapid de blesi ou yo ke ou soufri nan aksidan an.

### B. PWOSEDI DEVAN TRIBINAL NAN POLIS LOKAL:

Si kòm rezilta aksidan an wout la viktim lan soufri blesi leje oubyen domaj, lapolis ap bay yon ekri rapò ak done moun ki enplike yo, machin yo ak deklarasyon tou de, konsa tou kondisyon transpò a ak klima nan moman aksidan an. Li itil pou ou byen eksprese byen klè nan moman ou ap rakonte fè yo, eksplike bien sikonstans ak kòz aksidan an.

Aprè sa, moun ki envolikre na aksidan ap rete ak yon apèl pou parèt devan tribinal polis lokal komin aksidan te fèt la. Apre lodyans lan fini, de pati yo ap genyen yon lòt apèl nan yon lòt lodyans ki rele kontestasyon ak prèv. Nan lodyans sa, y'ap kapab rekonfime vèsyon yo an, prezante defans e sa'k pi enpòtan, pote prèv ki demontre sa ki pase a. Kou odyans sa fini, jij la ap kapab bay santans oubyen enpoze

## VI.- KONSEY LEGAL NAN KA AKSIDAN

sanksyon kòm. Nan tout ka yo, kontravansyon an ale pou benefis fiskal e non pou viktim lan.

### C. PLENT SIVIL DEVAN TRIBINAL LAPOLIS LOKAL:

Pou kapab jwen endemnizasyon pou domaj gen de vwa: yon ekstrajidisyèl e yo lòt jidisyèl. Vwa ekstrajidisyèl la se lè pati ki blese a pa vle pote aksidan nan tribinal epi ki deside ap negosye ak lòt la ki enplike nan aksidan an. Lòt fason a se yon reklamasyon pou konpansasyon devan jij lapolis lokal la.

Nou espere toujou gen chans pa fè aksidan, se konsa kondw an alèt ak responsab se mwayen esansyèl nan ogmante sekirite ou yo.

### REFERENCIA DE ESTE CAPITULO:

Referans chapit sa :

-Lwa transpò piblik N° 18.290

-Ak dwa pou pedale, ki base sou lwa pwosedi tribinal polis ak lwa transpò nan Chile

[www.derechoapedaleo.cl](http://www.derechoapedaleo.cl)



## REMÈSIMANOSWAMO FINAL YO

Nou vle remèsye tout ki patisipe nan pwojè sa, nou ta renmen di nou mèsi pou tan, enejji avèk sijesyon nou yo. Paske nou te kwè nan INDEPECLETA, nan tèt pa nou a epi nan travay la ke nou tap fè. Tout moun ki patisipe nan oganizasyon a, ki te genyen responsabilite nan chak etap nan gid sa. Nou di mèsi tou pou ekip pwofesyonèl ki te kowòdone, modifiye, fè konsepsyon ak aplikasyon nan pwojè a, òganizasyon yo ak moun yo ki kontribye avèk eksperyans yo kòm aktivis e pwofesyonèl.

Rekonèt **MINISTÈ A POU DEVLOPMAN SOSYAL** pou kwè **INDEPECLETA** nan apwòch nou an nan travay alantou bisiklèt la, katye yo ak lavil la.

Rekonèt Ministè a pou Devlopman Sosyal paske li kwè nan Indepeçleta, nan apwòch nou an nan travay alantou bisiklèt la, katye yo ak lavil la.

Finalman, nou remèsye tout moun ki ankouraje nou nan itilizasyon ak evalyasyon nan bisiklèt la kòm yon zouti pou transfòmasyon politik, sosyal ak kiltirèl nan eritaj e kominote epi nan gid sa a kòm yon zouti pou medyasyon nan yon kominote entèkiltirèl.

Jodi a nou santi nou enspire poun kontinye enfliye ak transfòme katye nou yo ak vil yo, pwofondi nan ekite nan zòn lokal yo, moun yo ak panse miltikiltirèl, e nou genyen kòm objèktif kontribye nan fratènite a nan pèp la ak bon kalite nan lavi pa yo.









hoja que  
no va



[www.indepecleta.cl](http://www.indepecleta.cl)